**दिन—मंगलवार** **दिनांक—13.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

पीएम—सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक अंतर्गत देशक प्रत्येक जिला मे एक आदर्श सौर ग्राम बनाओल जायत। केन्द्र सरकार एहि योजनाक अंतर्गत आदर्श सौर ग्राम योजनाक कार्यान्वयनक लेल दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। नवीन आ नवीकरणीय ऊर्जा मंत्रालयक अनुसार एहि लेल कुल आठ सय करोड़ टाका आवंटित कयल गेल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत गामक आबादी पांच हजार आ विशेष श्रेणीक राज्यक लेल दू हजार सँ बेसी होयबाक चाही। एकर संगहि प्रत्येक जिलाक सभ सँ बेसी नवीकरणीय ऊर्जा क्षमताबला विजेता गाम के एक करोड़ टाकाक केन्द्रीय वित्तीय सहायता अनुदान भेटत। एहि वर्ष फरवरी मे सरकार सौर छत क्षमताक हिस्सेदारी बढ़ेबा आ आवासीय परिवार के बिजली उत्पन्न करबाक लेल सशक्त बनेबाक उद्देश्य सँ एहि योजना के स्वीकृति देलक अछि।

---

केन्द्रीय सूचना आ प्रसारण मंत्रालय सभ निजी सेटेलाईट टेलीविजन चैनल के परामर्श जारी कऽ कहलक अछि जे ओ आपदा आ दुर्घटना सभक वीडियो तारीख आ समय के संग देखाबथि। परामर्श मे जनाओल गेल अछि जे जखन कोनो प्राकृतिक आपदा अबैत अछि तऽ टेलीविजन चैनल कतेको दिन धरि लगातार ई खबरि देखबैत अछि मुदा बेर—बेर दुर्घटनाक दिनक दृश्यहिं देखबैत रहैत छथि। एहि मे ई सेहो कहल गेल अछि जे एहि सँ अनावश्यक रूपेँ भ्रम के स्थिति उत्पन्न होइत अछि आ दर्शक सभ मे घबराहट होबए लगैत अछि। टेलीविजन चैनल सभ के ई सुनिश्चित करबाक सेहो सलाह देल गेल अछि जे ओ दृश्य सभ के देखबैत काल सभ सँ ऊपर तारीख आ समयक चर्चा करथि ताकि दर्शक सभ के कोनो तरहक गलतफहमी नहि भऽ सकए।

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल वर्षाक कारणे गंगा, गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, घाघरा आ कोसी सहित विभिन्न नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगाक नदीक जलस्तर पटनाक दीघा घाट आ

हथिदह मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। भागलपुरक कहलगाँव मे सेहो गंगा नदीक जलस्तर खतराक निशान सँ तिरेसठि सेंटीमीटर ऊपर अछि। एम्हर, गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे एकतीस सेंटीमीटर, बूढ़ी गंडक नदीक जलस्तर खगड़िया मे खतराक निशान सँ अट्ठासी सेंटीमीटर ऊपर जखनकि कमला बलान नदी मधुबनीक झंझारपुर मे आ परमान नदी अररिया मे खतराक निशानक लऽगपास बनल अछि। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढ़ी, रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फपुरक बेनीबाद मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। कोसी नदी कटिहारक कुर्सेला मे खतराक निशान सँ चौरासी सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि।

---

पूरा प्रदेश मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर रहल। मौसम विभाग आइ कैमूर, रोहतास, मुजफ्फरपुर आ शिवहर जिलाक एक–दू स्थान पर भारी वर्षा होयबाक आ पटना सहित शेष स्थान पर हल्का वर्षाक संभावना जतौलक अछि। विभागक अनुसार अगिला पांच दिनक दरमियान तापमान विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि। राज्यक दक्षिण, उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे किछु स्थान पर मेघगर्जन आ वज्रपातक सेहो आशंका अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सभ सँ बेसी आरा मे पचपन दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। अररियाक पलासी मे बियालीस दशमलव चारि आ बांका मे छत्तीस दशमलव पांच मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल।

---

सर्वोच्च न्यायालयक आदेशक आलोक मे राज्य सरकार तांति आ तंतमा जाति के फेर सँ अत्यंत पछड़ल वर्ग मे सम्मिलित कऽ लेलक अछि। सामान्य प्रशासन विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देलक। एकर अनुसार तांति–तंतमा जाति के अत्यंत पिछड़ा वर्गक क्रमांक तैंतीस पर दोबारा सम्मिलित कऽ लेल गेल अछि।

---

सुपौल जिलाक जदिया थाना क्षेत्र अंतर्गत जदिया हाई स्कूल लऽग मोटरसाईकिल सवार चारि अपराधी सभ एक युवक के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस मामिलाक जांच कऽ रहल अछि।

---